This e-book was digitized from an original copy by the West African Research Association for the African Language Materials Archive (ALMA) project. Original funding for this project was provided by UNESCO and the Council of American Overseas Research Centers (CAORC) in cooperation with the West African Research Association and Columbia University.

Please see the following web sites for more information about the ALMA project, contributing authors, and more titles in the series.

- Digital Library for International Research catalog: http://catalog.crl.edu/search~S16
- African Language Materials Archive (ALMA): http://www.dlir.org/e-books.html
- African language materials including interviews in video and PDF versions, documentary video, translation work, and bibliographies can be viewed at http://alma.matrix.msu.edu.

# BUKKEEK "PERIGAM" BU XONQ

*Teeñ yi*



# Bukkeek "perigam" bu xonq

TEEÑ YI

*Dr Moren ak mbootaayu "xale di dimbale xale"*

*Nataali Dominik Garros*

*EDICEF*

Ngir xarit yi sopp njàng,

«Bukkeek perigam bu xonq» léeb nañu ko, ngir ñi sopp léeb.

Dina leen bégal, ta xamal leen, lépp lu nit war a xam, ci mbirum teeñ. Naka la nit di def, ngir du am teeñ ak naka lay def ngir tàggook ñoom, su leen amee.

Bu jàngkat yi jàngee léeb wi ba noppi, dinañu mën a nekkaat di ko xibaar (jàngal walla nettali) seeni rakk ak mag, ak seeni waajur ak dëkkandoo. Daldi far nekk ndaw yuy xamle, ci wér-gi-yaram, ci gox bi ñu dëkk.

Niti àddina si yépp lañu jagleel téere bii. Ndax teeñ, fépp la am. Am na ci réew yu oomle yeek réew yu néewle yi. Ta ci bopp yépp la mën a nekk: amul boppu tubaab, amul boppu nit ku ñuul, amul naar. Seetul ku am alal, seetul ku amul.

*L'édition originale a paru en français dans la série d'EDICEF,*

*Institut Santé et Développement, Collection "L'ENFANT POUR L'ENFANT", sous le titre:*

*La perruque rouge de Bouki; Les Poux*

*© 1993, EDICEF*

*Édition wolof (publiée avec la permission d'EDICEF-*

*éditions classiques d'expression française, 58, rue Jean-Bleuzen, 92178 Vanves Cedex France)*

*© 1997, Louise Maranz*

*La Société Internationale de Linguistique*

*B.P. 2075*

*Dakar, Sénégal*

*Traduit du français en wolof par Momar Touré.*

*Imprimé sur les presses de la Société Internationale de Linguistique, Dakar, Sénégal, 1997.*

Ab Buur-Gaynde nekkoon na fi. Amul woon lu dul jenn doom ju jigéen, ju nekkoon janq bu taaroo-taaru. Taaru woon na, ba ñu tudde ko "Jant biy fenk".

Rab yi ci àll bi, yi ci gajj beek yi ci màndiŋ mi, ñépp a ko soppoon, bëggoon mu nekk seen soxna.



Bi "Jant biy fenk" matee sëy, baayam Buur-Gaynde, di Buuru réew mi, woo ñépp ndaje. Xamle tax na Buur-Gaynde woote ndaje. Bi ñepp ñëwee, Buur-Gaynde nee na leen: <<Duma may suma doom ji mukk, ku dul ku mel ne man. Ku ànd ak sagoom ci mépp mbir. Koo xam ne, mën naa toog, ne tekk, lu yàgg, ta dara du yëngu ci moom. Ndax ku mel noonu rekk moo may mën a wuutu ci nguur gi ëllëg.>>

Ndekete kon Buur-Gaynde ab joŋante la woote ngir maye doomam.

Rab yi yépp xoolante nañu. Kenn ci amul yaakaar. Ndax joŋante bi kat du nekk lu yomb.


Goloo jëkk a gëm ne, moom du mën a jël ndaw si. Gëm na ne moom, du mën a toog mukk lu yàgg, benn béréb, ta yëngatuwul. Kon daal matul muy bokk ci joŋante bi. Nekk na sax di ŋóobi, di wokkatu, bi muy joxe ngànt.

Kàkkëtaar, moom it nee na: bu dul woon làmmiñam, kon dina mëna bokk ci joŋante bi. Wànte làmmiñam mënula toog benn béreb. Mënul sax a muñ weñ, walla yoo wuy romb. Kon moom it, joxe na ngànt.




Ñay joxe na ngànt. Ndax noppam yu yaatu yi, fu ñu tollu di dàq weñ yi koy biiw.

Béy tëb na dal, tëbaat dal, meem: <<Mee! mee!>> ngir wone ne joxe na ngànt. Jasiq nag moom dëgg-dëgg, mënoon naa bokk ci joŋante bi. Ta amaana kon, dina jël ndaw si. Ndax jasig, mën naa nekk, ne tekk lu yàgg, ta du yëngatu, ba mel ne sax garab ci biir ndox. Wànte gannaaw mooy buuru dex gi, Jasig nee na yor nguur, doy na ko soxla.



Rab yi des it daanaka ñépp joxe nañu ngànt. Joŋante bi Buur-Gaynde wax, yombul. Jël "Jant biy fenk" daal du yomb.

Wànte kat ndekete Bukki moom am na yaakaar. Ndax mu ngi nekk di ree ci ruqam. Mook Lëg rekk ñoo des ci ñi joxewul ngànt. Ta ñepp xam nañu ne, Lëg mënula toog mukk lu yàgg ta yëngatuwul, yëngal nopp, walla geen, walla mustaas. Bu dee sax nelaw nekk di leen yëngal. Moo tax Bukki am na yaakaar.



Bukki jegesi naak ñaawaayam bu rëy. Nëw na ci Buur-Gaynde ngir xamle ne moom dina bokk ci joŋante bi. Lëg moom ñëwagul.
Ndaje mi tas na. Dàq nañu joŋante bi , ba nawet wàcc.

Senn suba, Lëg xëy na, xool asamaan si. Daldi xam ne nawet bi desaat na ñaari weer. Lëg daldi ne: <<Ñaari weer, doy nañu sëkk ci li ma nar a def Bukki, ba mën a jël doomu Buur-Gaynde.>> Lëg gaawtu na jëm ca Góor-gi-Baaxoñ miy jaay fëgg-jaay.



Bi Lëg agsee ci Góor-gi-Baaxoñ, nekk na di tànn, di wëlbati, di seet, ba jot ci fëgg-jaay yi, loo xam ne, dina baax ci li mu nar a def Bukki. Mu nekk ab "perig" bu xonq, mel ne perig ya ñu daan sol, ca jamonoy buur ya. Lëg bég na. Ndax xam na ne "perig" bi mu tànn, dafa fees dell ak teeñ, fees dell ak neni teeñ.

Lëg fëx na, gaawtu ñëw kër Bukki, ngir may ko perig. Ndaw mbégte bi Bukki gisee li ko Lëg may! Bég na ba fàtte ne, Lëg ab noon la. Ndaw perig bu rafet!



Bukki sol na "perig" bi, ngir seet, Lëg daldi tàccu. Ne ko: <<Aka laa jàpp! def na la gaynde gu amul benn moroom, laa wax! Gaynde gu dul am jamaale!>>

Bukki am na “perig”, nekk di ko tiitaroo. Fan yii yépp, dafa koy sol, di daagu ci biir dëkk bi, di xoggali mbagg. Daldi bari xaat, ay soppe. Wànte mbégteem Bukki, yàggul: Ndax Bukki gis na ne, ñi nekkoon ay soppeem, mel na ne, léegi dañu koy daw. Bu ndaje amee, kenn du ko nangoo jege. Nekk nañu yit, di ko jëw, ci biir dëkk bi, naan: <<Ndaw musiba!...Boppu Bukki, ndekete, dafa fees dell ak teeñ.>>



Golo miy teeñkatu dëkk bi, dégg na jëw bi. Moo tax seeti Bukki la nar.

Golo ñëw na kër Bukki. Ñëw na ngir seetal ko boppam, ndax teeñ na, walla teeñul. Wànte bi Bukki nangoo ba Golo seet bopp bi, jàpp na ñaari teeñ yu rëy, won leen Bukki. Kon kay bopp bi teeñ na, amul werante.
Golo nee na Bukki: <<Fileek lu matul ñaari weer, ñaari teen yii, dinañu nekk di jur, seeni doom nekkaat di jur, ba ñu mujj nekk fukki junniy teeñ ci sa biir bopp. Kon nangul ma teeñal la ko, moo gën.>>



Bukki nangu na Golo teeñal ko boppam. Booba ba tey, tax na, Golo di ñëw kër Bukki, nekk di ko teeñ.

Saa su nekk, bu Golo ñëwee, da naan toŋŋ ci wagi. Bukki, di luñutu “perig” bi. Boole kook di wax rekk nag. Di jaay xam-xam, ci liggéey bi muy def. Golo nee na: <<Teeñ kay, maa ko xam. Amul boroom alal, amul walaakaana, seetul ku set, seetul ku tilim, ñepp mën nañu koo am.>>



Golo nee na: <<Sax (astiko), ci yàpp wu nëb lay sosoo. Teeñ it, ci der lay sosoo. Bu der dee ñaq bay xasaw mu daldi ca sosoo. Teeñ, deret lay dunde. Ta ñeenti yoon, lay nàmp lu mu néew-néew ci bés bi.>>

Bukki dégg na ndigal. Gannaaw teeñ ci der buy ñaq ak di xasaw lay sosoo, daldi na tere boppam lekk médd, ak di daw, daw yu sori, ngir boppam dootul ñàq. Wànte bañatee lekk médd terewul, teeñ yi, di gën a bari këг Bukki. Waa kër gi yépp, doom ak jabar nekk nañuy xasanu, fu ñu tollu ndax teeñ. Kenn amatul jàmm.
Golo bég na. Ren kay, liggéey dina am. Daldi na létt jabaru Bukki, létt yu sew ta rafet.



Daldi na yit wat Bukki ab nel fondoŋ. Golo nee na: <<Teeñ yi dootuñu mën a nëbbu ci bopp bu watu nel fondoŋ.>>

Ñaari weer wéy nañu. Nawet wàcc na. Kon joŋante bi, ngir jël doomu Buur-Gaynde jot na.
Ndaje maa ngi ci pénc mi. Rabi àll bi yépp ñëw nañu. Buur-Gayndee ngi tëdd ci diggu géew bi, doomam, “Jant biy fenk”, nekk ci wetam ak taaram bu yéeme bi.



Coow li ñol na. Bukki jekki-jekki na ne mëll ak “perigam” bu xonq, di muuñ, yor ay neexal: guró, gànjar ak ay yëré. Mbooloo maa ngiy soow, di ŋurumtu. Bukki nuyoo na, toog janook Buur-Gaynde.

Bi Bukki ñëwee ba toog, keneen ñëwul. Gannaaw keneen ñëwul, ngir joŋante Buur-Gaynde nekk na di waaj a joxe ndigal. Wànte bi muy waaj a joxe ndigal, Bukki am na mbetteel. Lëg-Njomboor nee na mëll ci diggu géew bi. Daldi nuyoo, toog janook Bukki. Bukki fas kanamam, ndax am na jamaale! Ndekete keneen ku nar a xëccook moom ndaw si am na.



Bi Lëg toogee, Buur-Gaynde joxe ndigal, xëccoo bi daldi door. Ñaari jamaale yi janoo nañu. Nekk nañu, lu yàgg, ne tekk, bañ a yëngu. Ku jëkk a yëngu, ñàkk ndaw si.

Nekk nañu lu yàgg, ñaari jamaale yi, kenn yënguwul. Wànte léegi nag ñoom ñépp sonn nañu. Bukkee ngiy bëgg a dee ngir bëgg a xasanu (ndax teeñ). Lëg moom it, bu sañoon geestu. Seetaankat yaa ngiy xool.
Buur-Gaynde nag ndekete, xam na ne, doomam Lëg la bëgg. Moo tax Buur-Gaynde nar naa dimbale Lëg. Daldi na jekk-jekki ne ko: <<Waaw, yow Lëg, ci jamono joo nekkee di rëbb, ba ne tekk nii, wax ma nooy def?>>



Lëg ne ko: <<Ci jooju jamono, dama naan jàkk li may rëbb. Bu jëmee ndeyjoor, ma di ko xool. Bu jëmee càmmooñ, ma di ko xool. Ngir bañ mu gis ma yit, damay tëral sumay nopp.>>
Lëg-Njomboor, xam na li Gaynde def. Moo tax bi muy tontu, nekkaale na, di geestu, di yëngatu, di yëngal nopp, niki mu ko baaxoo, ta bëggoon koo def.

Buur-Gaynde kon jox na Lëg pexe mu tax mu yëngatu ba mën a toogaat. Wànte seetaankat yi ñoom nànduñu li Gaynde def. Bukki yit nàndul. Moom sax talul a nànd ndax teeñ yi koy mat. Ta Bukki mënatul a muñ. Màtt-màtt yi gën nañoo tar. Jekki-jekki na ne bëret jóg. Bànqaasu garab gi lonk na "perig" bi, ta Bukki yëgul. Ndaw ñaawaay! Yëgul ne boppu neen la def. Bopp bu watu nel fondoŋ ñaari noppam séq ko.



Doomu Buur-Gaynde nëbbu na, ngir bañ koo xool. Mbooloo maa ngiy reetaan Bukki. Bukki yit nekk di ree. Yëgul ne perigam lonku na.

Bi mu yëgee ne amatul “perig” Bukki daldi na rus. Mbooloo mi di ko yuuxoo. di ko baraawoo. Bukki jekk-jekki fëx ngir réeri ba fàwwu.



Lëg daan na Bukki. Buur-Gaynde gis na ne Lëg ku muus la. Kon yeeyoo naa jël doomam.

Ñépp taccu nañu. Bi nu ci teggey fan, céetale gi daldi am. Lëg may nañu ko “Jant biy fenk”, doomu Buur-Gaynde.

Bukki am na naqar. Toog na lu yàgg di xalaat céet gi. Teeñ yi yit tax nañu Bukki amatul jàmm.
Ngir ut ndimbal nag, tax na tey Bukki ñëw, seetsi Doktoor-Sikket.



Doktoor Sikket ca biir mandiŋ ma la dëkk. Bukki xamal na sikket lépp la ko Golo waxoon ci mbirum teeñ.
Doktoor Sikket ne ko: <<Golo waxul dëgg! Golo xamul dara. Teeñ, du sosoo ci der buy ñaq mukk. Feneen lay jóge.>>
Sikket nee na Bukki: <<Perig bi la Lëg mayoon, moo la jox teeñ, wànte du leneen.>>

Sikket nee na: <<Golo xamul dara! Bu xamoon dara, dina xam ne, jàpp teeñ yi rekk, doyul ci raafal leen.
Ku bëgg a raafal teeñ ci béreb, day raafal teeñ yi, raafal neni teeñ yi. Ta yit du benn bopp rekk, lañuy tàggaleek ñoom. Bopp yi ci kër gi yépp lañuy taggaleek ñoom.>>



Bukki fëxaat na. Bëggul a dégg li des ci wax ji. Rus tax na ba dootul génn ludul guddi, booba ba tey.

# FATTALIKUL NE:

1- Teeñ ci bopp lay jóge, ñów ci bopp. Weccee yëreek mbaxana dina joxe teeñ.

2- Nanu moytu di weccee yëre, mbaxanaak kol. Nanu moytu di tegle yëre, bu nu leen di wékk.

3- Doq walla gannaaw noop, yu xasan, teeñ dina ko waral.

4- Nanuy toppatoo sunuy kawar saa su nekk.

5- Nanuy boole di raafal, teeñ yeek nen yi yépp.

6- Bu nu bëggee jële teeñ ci béreb, ña dëkk foofa, ñépp lanuy tàggaleek teeñ yi.